



Pou Piblikasyon Imedya: 06/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE VWAYAJ PRENTAN AK ETE OTOBIS I LOVE NEW YORK

Sèvis Otobis yo ap ofri plizyè douzèn randone soti nan NYC ak Long Island pou rive nan destinasyon yo toupatou nan New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke demaraj sèvis otobis pou sezon prentan ak ete I LOVE NEW YORK, pral ofri pwomnad fasil ak abòdab de Vil New York ak Long Island pou ale nan lòt destinasyon yo nan New York. Pandan prentan ak ete sa, sèvis otobis la te double kantite opòtinite pou eksperimente eritaj rich eta avèk vizit nan plizyè destinasyon enkli Hudson Valley, Long Island ak Catskills, ansanm avèk vwayaj lannwit nan Baseball Hall of Fame nan Cooperstown, Saratoga Springs ak Niagara Falls.

“Aprè yon sezon ouvèti ki gen siksè, otobis I LOVE NEW YORK la ap pran wout la avèk plis bagay pou I ofri pase anvan,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Sèvis sa bay Nouyòkè yo nan pati sid eta yon fason ki fasil ak abòdab pou soti nan vil la pou ale eksperimente sa ki pi bon Empire State gen pou ofri. Kesewa se pou yon vizit pou diven nan Long Island oswa yon vwayaj familyal nan Niagara Falls, gen yon bagay pou tout moun— tout moun pandan lap jenere aktivite ekonomik ak sipòte travay nan kominote yo toupatou nan eta.”

Lis konplè vwayaj otobis I LOVE NEW YORK la disponib nan www.iloveny.com/bus.

Otobis I LOVE NEW YORK la te lanse nan otòn ane pase pou ogmante aksè transpòtasyon pou opòtinite touris, pwomote kwasans ekonomik ak travay toupatou nan New York. Prentan ak ete sa a apwiye sou 14 soti otòn ak ivè ki te pote plizyè santèn vwayajè nan pati nò eta nan ofri plizyè douzèn jou adisyonèl ak itinerè lannwit.

Gavin Landry, Direktè Egzekitif Divizyon Touris Empire State Development te deklare, “Otobis I LOVE NEW YORK te vini yon atou presye nan pwize sou mache enpòtan Vil New York ak elaji sansibilizasyon nou pou ankouraje vwayaj toupatou nan Eta New York. Otobis I LOVE NEW YORK ofri yon fason konvenyan ak enteresan pou Nouyòkè yo eksplòre eta. Li agreyab pou chita, epi detann apre yon jou enteresan nan goute bon diven rejyonal ak manje nou yo, vizite oswa eksplòre lanati.”

“Apati plaj yo nan fen pati Lès la a kous chwal nan Saratoga, vwayaj I LOVE NY yo ke nou te devlope pou mwa ki cho yo pral kontinye fè pi bon atraksyon ak sit New York yo disponib pou tout moun tankou pase anvan,” te deklare Andrew Lynch, vis prezidan operasyon nan Hampton Jitney, ki jere sèvis otobis I LOVE NEW YORK.

Rezèvasyon pou vwayaj avèk otobis I LOVE NEW YORK yo otman rekòmande, men prezante pou achte tikè san rezèvasyon disponib si gen espas disponib. Lè depa ak retou a ka varye selon itinerè a. Lokasyon pou anbake ak debake se:

- Vil New York: 44th Street ak 3yèm Avenue
- Long Island: Calverton 253 Edwards Avenue OSWA Huntington/Melville LIE Exit 49 Park ak Ride

Vwayaj prentan ak ete ki pral vini an gen ladan:

West Point/Military Heritage Tour with Thayer Hotel Champagne Brunch—19 avril

Vizit nan sezon prentan otobis I LOVE NEW YORK te demare avèk yon kolasyon chanpay dimanch ak yon vizit spesyal nan West Point. Jounen an te kòmanse avèk yon kolasyon dejene ki chè nan restoran ki te resevwa prim gayan MacArthur's Riverview. Lokalize nan kanpis West Point nan otèl istorik Thayer, fenèt gotik restoran an te louvri nan yon panorama enkwayab nan Hudson River ak teren yo antreteni nan West Point. Patiisan yo nan vizit la pral aprann osijè lavi kadè yo ak istwa militè pandan yon vizit nan West Point e apresya gen yon chans pou wè ekspozisyon ki enspire ak videyo kont nan sal onè Purple Heart toupre New Windsor. Pri a se \$189 pa moun, pake a gen ladan transpòtasyon, kolasyon, vizit, eskòt ak ti goute leje ak bwason pandan vwayaj la.

Otèl Chokola Rhinecliff ak Apariman Diven— 23 me

Vizit sa ofri yon apèsi enteryè sou kreyativite ak sofistikasyon bouk Hudson River yo ansanm avèk sèn gastwonomik yo. Pandan dine nan ane 1854 otèl Rhinecliff, rekonèt pou fèm-a-tab kwizin-piblisite gastwonomik, envite yo pral rankontre pèsonaj Britanik ko-pwopriyete James Chapman. Apresa, Rhinebeck ki baze sou chokolatye Oliver Kita pral òganize yon apariman diven ak chokola, epi trase pakou soti sou teren an pou rive nan chokola rafine. Vizit la pral gen ladan egalman tan pou eksplòre Rhinebeck, yon mache nan vil Hudson River ki rekonèt pou restoran gastwonomik li yo ak boutik spesyalite ki prezante machandiz ki fèt alamen soti nan materyèl equestrian a papyè ak abiman. Pri a fikse a \$179 pa moun, ekspozisyon an gen ladan dejene, apariman chokola ak diven, goute leje ak bwason ke yo sèvi pandan vwayaj la, eskòt ak transpòtasyon a bò.

Kay Eleanor Roosevelt Val-Kill ak Chato Mills - Hudson River Valley – 30 me

Vizit sa ap ofri ouvèti sou twa aspè ki diferan anpil nan Hudson River Valley. Vizit la kòmanse avèk yon dejene nan Hyde Park Brewing Company, youn pami kantite restoran brasri kap grandi ki baze meni yo sou engredyan agrikiltè lokal yo epi ofri apariman byè avèk pla yo. Apre dejene a, ap gen yon vizit gide nan sit istorik Eta Staatsburgh, kay Gilded Age fanmi Mills, bay chans pou aprann osijè mòdvi bawon an

nan tounan syèk la. Dènye arè a se nan Val-Kill, “Kay prive,” Eleanor Roosevelt, ki lokalize apeprè de kilomèt nan Hyde Park FDR. Jodia, kay li a se pyès santral nan Sit Istorik Nasyonal Eleanor Roosevelt, kote vizitè yo ka aprann osijè anpil reyalizasyon pyone yo. Pri a fikse a \$159 pa moun, vizit la gen ladan yon tour rakonte pou jis ou rive nan Hudson River Valley, dejene, vizit nan toulède sit istorik yo, goute leje ak bwason pandan wwayaj la nan machin lan, ak eskòt ak transpòtasyon.

Niagara Falls – 22-25 jen

Niagara Falls pat janm osi fasil pou vizite apati Vil New York. Ede demare sezon ete a, pake a gen ladan yon pakou nan selèb *Maid of the Mist*, chans pou mache anba chit nan yon vizit nan Gwòt Van yo—souveni lapli parkas enkli --ak yon pakou sou chit la ak nan istwa Niagara nan fim IMAX, *Niagara: Mirak, Lejann & Magik*. Transpòtasyon pral disponib tou nan Kazino Seneca Niagara pandan sware sa. Pwen esansyèl jounen apre a pral yon kwazyè rakonte nan Erie & Lockport Locks, yon vizit nan brasri ak degistasyon, ak dine nan tèt Falls restoran ki bay sou American Falls ak Canadian skyline. Lojman yo nan Byblos Niagara Resort, kote kliyan yo ka detann yo nan pisin ki anndan, sona ak toubiyon oswa vizit a pye nan zòn bank yo nan Rivyè Upper Niagara. Vizit kat jou/twa nwit la pri a fikse a \$799 pa moun avèk okipasyon doub e \$899 pou okipasyon senp, sa ki enkli ladann se vizit, transpòtasyon, manje ki seleksyone ak lojman.

Lòt Otobis Vizit I LOVE NEW YORK gen ladan:

- Yon jou wwayaj nan dat 30 me nan New Paltz Wine ak Festival Manje nan Mohonk Mountain House, kote patisipan yo ka goute manje yo ki soti nan restoran lokal ak diven domestik entènasyonal.
- Jounen konplè “Degistasyon nan Hamptons” sòti estival ete pou 15, 18 jiyè ak 4, 15 ak 26 out avèk dejene nan Kay Piblik Southampton, yon brasri ki te resevwa prim gayan ak restoran, ak yon vizit nan Mize Art Parrish ak Kay Wolffer Vineyard.
- De mwa jiyè jiska out, chak madi ak mèkredi, yon jou nan Coopers Beach nan Southampton, Long Island, klase pami pi gwo plaj nan peyi a. Enkli yon kouipon rabè pou konsesyon plaj.
- Yon wwayaj nan dat 25 jiyè ki gen ladan yon kwazyè rakonte *Pride of the Hudson* sou Hudson River ak vizit nan mize Motorcyclepedia, ki montre plis pase 450 motosiklèt, ak konpayi Newburgh Brewing.
- Lòt opsyon ete pandan lannwit gen ladan: yon wwayaj twa jou/de -nwit nan Saratoga, kote vizitè yo ka mete chapo laj yo pou yon jou nan Saratoga Race Track ak pwomnad nan vil quaint nan Saratoga Springs; yon wwayaj kat-jou / twa nwit nan Finger Lakes pou eksplòre mize, jaden, etablisman diven ak bote panorama natirèl rejyon an; ak yon wwayaj lannwit nan Baseball Hall of Fame ak Brasri Ommegang nan Cooperstown.

Yo pral anonse byento vizit nan santye diven nan Long Island ak nan Hudson Valley.

Otobis I LOVE NEW YORK, ki jere pa Southampton-based Hampton Jitney, te lanse operasyon pou premye fwa pandan otòn lan avèk randone nan festival diven ak byè, santye feyaj ak estasyon ski. Vwayaj ski 2016 ki pwograme a deja an devlopman avèk plan pou elaji vwayaj yo ofri yo. Anplis de rezèvasyon atravè sitwèb [I LOVE NEW YORK](#), rezèvasyon yo pral disponib tou atravè sitwèb vwayaj patnè yo ak yon rezo patnè kap grandi nan otèl vil New York yo ak konsyèj rezidansyèl.

Enfòmasyon sou Jitney

Hampton Jitney se yon pyonye nan domèn transpòtasyon. Nan ane 1974, Hampton Jitney te kòmanse avèk yon van ak yon angajman pou l bay pi bon sèvis transpòtasyon pèsonalize ant lès Long Island ak metropoliten New York. Bati sou prensip senp lan, Hampton Jitney kounye a opere yon flòt otomobil liksye ak limouzin. Plizyè santèn milye moun kounye a vwayaje chak ane nan style ak konfò an tout sekirite e atan atravè Hampton Jitney. Hampton Jitney fonksyone 365 jou pa ane ant lès Long Island ak Metro New York, enkli ayewopò yo. Anplis, limouzin Hampton Jitney, chartè ak otobis tour fonksyone regilyèman nan tout pati nòdès Etazini ak Canada. Plis enfòmasyon disponib nan www.hamptonjitney.com.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418